



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO NOME JIJ PAUL G. FEINMAN KÒM JIJ ASOSYE NAN KOU  
DAPÈL ETA NEW YORK**

Gouvènè Andrew M. Cuomo ap nome Jij Paul G. Feinman pou sèvi kòm yon Jij Asosye nan Tribinal Dapèl Eta New York la (New York State Court of Appeals), ki se tribinal siprèm eta a. Jij Feinman se yon Jij Asosye kounye a nan Divizyon Apelasyon Kou Siprèm Eta New York (Appellate Division of the New York State Supreme Court) e li te sèvi kòm jij nan New York depi plis pase 20 lane.

“Jij Feinman ap yon evènman eksepsyonèl nan tribinal siprèm New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Li se yon jiris ki gen talan e ki dedye karyè li pou sèvis piblik e ki kanpe pou yon New York ki pi ekitab e pi jis. Pandan n ap kontinye nan lapenn pou lanmò Jij Sheila Abdus-Salaam, Jij Feinman ap ede asire ke Kou Dapèl yo defann prensip lalwa ak jistis ki pi elve ki enkòpore sa ki pi bon nan New York”.

“Se yon gwo onè pou m nome nan Kou Dapèl la”, **Jij Paul G. Feinman te deklare.** “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou opòtinite pou sèvi Kou Dapèl yo, e si sa konfime, mwen enpasyon pou travay ak distenge kòlèg mwen yo nan Tribinal la pou kontinye sèvi New York.”

Jij Feinman te nome pou ranpli pòs vakan ke lanmò trajik Onorab Sheila Abdus-Salaam te kreye nan kòmansman ane sa. Li se uityèm moun ke Gouvènè Cuomo te nome pou sèvi nan Tribinal Apèl Eta New York yo. Avan sa a, Gouvènè a te nonmen Jij Anchèf Janet DiFiore, ak Jij Asosye Jenny Rivera, Abdus-Salaam, Leslie Stein, Eugene Fahey, Michael Garcia ak Rowan D. Wilson nan Tribinal la.

Jij Feinman te eli nan Tribinal Siprèm nan an 2007 e li te nome Jij Asosye nan Divizyon Apelasyon an pa Gouvènè Cuomo an 2012. Li te sèvi anvan antanke yon Jij pa Enterim nan Tribinal Jistis la soti 2004 rive 2007. Anvan sa, li te yon Jij nan Tribinal Sivil la, ki te premye eli an 1996, epi re-eli an 2006.

Si sa konfime, Jij Feinman se ta premye moun ki omoseksyèl piblikman kap sèvi nan Kou Dapèl la. Li se yon manm nan Komisyon LGBT Richard C. Failla, ki fè pwomosyon trètman egal pou pwoblèm LGBT ak manm kominote tribinal LGBT a. Li te Prezidan Asosyasyon Entènasyonal Jij LGBT (International Association of LGBT Judges) ant 2008 ak 2011, e li te Prezidan Asosyasyon Jistis Kou Siprèm Eta New York (Association of Supreme Court Justices of the State of New York) an 2015.

Li te kòmanse karyè legal li nan Legal Aid Society nan Konte Nassau, Biwo Apèl Kriminèl (Criminal Appeals Bureau) nan ane 1985. Soti ane 1987 rive 1989, Jij Feinman te yon Avoka Pèsonèl Siperyè pou Legal Aid Society, Divizyon Defans Kriminèl (Criminal Defense Division) nan Manhattan. Soti ane 1989 rive 1996, li te Grefye Prensipal Onorab Angela M. Mazzarelli. Li te resevwa yon Lisans (B.A.) nan Columbia University an 1981 ak Dipòm Doktora Jiridik (J.D.) nan University of Minnesota Law School an 1985.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418